

**PENILAIAN TENGAH SEMESTER I
TAHUN PELAJARAN 20../20..**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : VIII (Delapan)

Hari/Tanggal :
Waktu :

“ Wonten enjing ingkang langitpun padhang, Mbok Randha kaliyan putrinipun para kleting ingkang ayu-ayu, inggih menika Kleting Abang, Kleting Biru, Kleting Ungu, lan Kleting Ijo sami ngenggar-enggar penggalih. Wonten nggriya Kleting Kuning olah-olah lan reresik griya piyambakan, Kleting Kuning niku putra tirine Mbok Randha. Pengrengkuhe Mbok Randha dhateng Kleting Kuning niku winastanan *emban cindhe emban siladan*, benten kaliyan putri sanesipun....”

1. Bebasan sing tegese *ora adil*, yaiku....
 - a. Arep jamure ora arep watangane
 - b. Emban cindhe, emban siladan
 - c. Ora uwur ora sembur.
 - d. Rebut balung tanpa isi.
2. Paribasan sing tegese ora nduwe apa-apa, ora gelem *ikhtiyar nanging kepingin dadi panguwasa*, yaiku...
 - a. Adang-adang tetesi embun
 - b. Blilu tau, pinter durung nglakoni
 - c. Cebol nggayuh lintang.
 - d. Durung pecus keselak besus
3. Pepindhan sing tegese anggone nyambut gawe polahe ora *leren-leren siji mari ditandangi, sijine kudu enggal ditandangi maneh*, yaiku kaya....
 - a. Kuthuk kelangan babon
 - b. Lintang alihan
 - c. Ngaru napung
 - d. Niba nangi
4. Saloka sing tegese *wong asor/ala wewatekane nanging sugih bandha donya*, yaiku....
 - a. Asu belang kalung wang
 - b. Bathok bolu isi madu
 - c. Cecak nguntal empyak
 - d. Dom sumurup banyu
5. Jinis ragam basa manut panganggone sing trep manut unggah-ungguh yaiku....
 - a. Basa formal-basa informal
 - b. Basa tulis-basa lisan
 - c. Basa ngoko basa karma
 - d. Basa gancaran-basa sastra
6. Ragam dhialek Surabayaan, Bojonegoroan, Malangan lan sapanunggalane ragam basa sing dititik saka....
 - a. Panganggone
 - b. Wilayahe
 - c. Sapa sing nganggo
 - d. Situasine
7. Ragam basa formal lan informal iku ragam basa sing dititik saka....
 - a. Panganggone
 - b. Wilayahe
 - c. Sapa sing nganggo
 - d. Situasine
8. Teks “Solah Bawa” ing dhuwur dititik saka ragam basa manut unggah-ungguh klebu ragam basa....
 - a. Basa ngoko lugu
 - b. Basa ngoko alus
 - c. Basa krama lugu
 - d. Basa krama alus
9. Pethikan teks ing dhuwur dititik saka ragam basa manut unggah-ungguh klebu ragam basa....
 - a. Basa ngoko lugu
 - b. Basa ngoko alus
 - c. Basa krama lugu
 - d. Basa krama alus
10. Ukara ing ngisor iki sing paling trep manut aturan unggah-unggahe yaiku....
 - a. Kula sampun nyuwun arta, namun dereng dipun paring kalih ibu
 - b. Kula empun nedha arta, nanging dereng disukani ibu.
 - c. Kula sampun nedhi yatra, ning dereng disukani kalih ibu
 - d. Kula sampun nedhi yatra, nanging dereng diparingi ibu

11. Rerangkene kedadean ing sawijing cerkak, diarani....
 a. Latar/setting b. Sudut pandang c. Paraga/pamaragan d. Alur/plot
12. Empan-papane sing nyritakake ana ing sajroning crita, bisa dititik tembung sesulih kanggo paraga utama ing cerkak, yaiku....
 a. Latar/setting b. Sudut pandang c. Paraga/pamaragan d. Alur/plot
13. Gagasan utawa idhe sing dadi underane crita, bisa dititik langsung saka ukara-ukara ing teks, utawa dijupuk saka inti critane, yaiku....
 a. Sudut pandang b. Tema c. Alur/plot d. Amanat/pesen
14. Gambaran ngenani jaman, adat istiadat, budaya, perilaku, lan sikap masyarakat sing bisa ditintangi saka cerkak yaiku....
 a. Amanat/pesen c. Unsur ekstrinsik cerkak
 b. Unsur intrinsic cerkak d. Struktur crita cerkak
15. Ciri-cirine crita cekak/cerkak, yaiku...
 a. Ukarane ringkes lan nganggo basa gancaran
 b. Tembung-tembung gampang dimangerteni
 c. Critane ringkes bae, ora dawa-dawa
 d. Jawaban a, b, lan c bener kabeh
16. Sing diarani paraga/pamaragan (penokohan) yaiku....
 a. Gagasan utawa idhe sing dadi underane crita, bisa dititik langsung saka ukara-ukara ing teks, utawa dijupuk saka inti critane
 b. Empan-papane sing nyritakake ana ing sajroning crita, bisa dititik tembung sesulih kanggo paraga utama ing cerkak
 c. Rerangkene kedadean ing sawijing cerkak
 d. Paraga ciptaan sing ana ing teks cerkak
17. Kanggo nulis wiwitane ukara ing aksara jawa, yaiku....
 a. Pada lingsa b. Pada lungsi c. Adeg-adek d. Pada pangkat
18. Unen-unen sing duwe teges emper-emperan utawa irib-iriban, diumpamakake kanggo mbangetake, lumrahe nganggo tembung lir, pindhha, kadya, kaya, lan liya-liyane, diarani....
 a. Pepindhan b. Bebasan c. Saloka d. Paribasan
19. Unen-unen sing ajeg panganggone, ngemu surasa wantah, yaiku....
 a. Pepindhan b. Bebasan c. Saloka d. Paribasan
20. Sing nduweni teges *ngendhelake kekuwatane, keluhurane, lan kepinterane*, yaiku....
 a. Anak polah bapa kepradhah c. Adigang, adigung, adiguna
 b. Kebat kliwat, gancang pincang d. Desa mawa cara, Negara mawa tata
21. Mireng kandhane Budi, Bu Ani ora banjur duka. Yen diowahi dadi basa ngoko, yaiku....
 a. Jare kandhane Budi, Bu Ani ora langsung ngamuk.
 b. Budi kandha, menawi Bu Ani ora langsung srengen.
 c. Jare kandhane Budi, Bu Ani ora langsung srengen
 d. Kandhane Budi, Bu Ani ora langsung duka

22. “Kekompakan kelas iku ora tuwuh karepe dhewe”, ngendikane ibu. Ukara kuwi yen diowahi dadi ukara ora langsung yaiku....
- Ngendikane ibu kekompakan kelas iku ora tuwuh karepe dhewe.
 - Ibu ngendika menawa kekompakan kelas iku ora tuwuh karepe dhewe.
 - Kekompakan kelas iku ora tuwuh karepe dhewe ngendikane ibu.
 - Ngendikane ibu, kekompakan kelas iku ora tuwuh karepe dhewe.
23. Ukara langsunge “kandhane Dea, dheweke ngrasa wis ora kuwat dadi ketua kelas”.
- “Kula ngraos yen sampun mboten kiyat dados ketua kelas”, kandhane Dea.
 - Kandhane Dea, “ Menawi kula ngraos yen sampun mboten kiyat dados ketua kelas”.
 - Dea kandha, “ Menawi kula ngraos yen sampun mboten kiyat dados ketua kelas”.
 - “Kula ngraos yen sampun mboten kiyat dados ketua kelas”. Kandhane Dea.
24. Basa kramane *sing nggawe klambi bathik iku ibuku* yaiku....
- Ingang ngangge rasukan bathik kuwi ibuku.
 - Ingang ngangge rasukan bathik punika ibu kula.
 - Ingang ngagem rasukan bathik punika ibu kula.
 - Ingang ngagem rasukan bathik punika ibuku.
25. *Nglungguhi klasa gumelar tegese* yaiku....
- Mung kari lungguh
 - Mung kari nemu penake
 - Mung kari nemu klasa
 - Jawaban a, b, lan c salah kabeh
26. Saloka sing teges *sipate anak ora beda adoh karo sipate wong tuwa* yaiku
- Cebol nggayuh lintang
 - Kebo nyusu gudel
 - Asu belang kalung wang
 - Kacang ora ninggal lanjaran
27. Pepindhan sing teges *beja banget* yaiku....
- Ketiban ndaru
 - Ketiban wit-witan
 - Akeh duwite
 - Bungah banget
28. Hasan lan adhine kuwi *ora bisa rukun*, yaiku kaya....
- Sega karo lawuhe
 - Banyu karo getih
 - Gula karo semut
 - Banyu karo lenga
29. Bocah-bocah kampung kae padha *nututi layangan pedhot*, sing tegese yaiku....
- Mburu barang sepele sing asile ora sumbut karo rekasane
 - Nguber layangan kuwi nyenengake
 - Nguber barang sing ora ana ajine
 - Oleh rekasa amarga barang sing ora ana
30. Dikena iwake aja nganti buthek banyune, tegese yaiku....
- Sing dikarepake ora bisa kelakon
 - Sing dikarepake ora kelakon nanging dadi rame
 - Sing dikarepake kelakon nanging ora nganti rame
 - Sing dikarepake bisa kelakon ning aja nganti gawe rame

Tulisen nganggo aksara jawa!

Rafida Helmi lair tanggal 3 Juli 1998 ing sukabumi Jawa Barat. Dheweke kenya putrine bapak Helmi lan Ibu Rufiah. Rafida pancen pinter lan jenius. Umur lagi 14 taun wis nyandhang status mahasiswi kedokteran ing U₁ issula Semarang. Setau sinau ing TK banjur mlebu SD mung mbutuhkake wektu 5 taun. Ing SMP lan SMA Cuma 2 taun. Merga mlebu kelas akselerasi. Rafida kasil dadi dokter paling enom amarga kesadarane sinau sing tekun.

